

SAT Test Directions

Translated into Haitian Creole for Students

Notes to the Proctor

Your school may be offering both the SAT without Essay and SAT with Essay. College Board allows schools to combine students with both test options in a single standard room. This translated script includes test directions for EL students testing in an uncombined room and a combined room.

Printing this document for your students

- If testing in a standard room that is UNCOMBINED, or in an ACCOMMODATED room, print the Notes to the Proctor, Notes to the Student, Standard SAT Script, and Standard Script for Uncombined Rooms. Omit Standard Script for Combined Rooms.
- If testing in a standard room that is COMBINED, print the Notes to the Proctor, Notes to the Student, Standard SAT Script, and Standard Script for Combined Rooms. Omit Standard Script for Uncombined Rooms.

Using this document on test day

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book. Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period. Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

Nòt pou Etidyan an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon siveyan an pral li byen fò, ansanm ak enstriksyon ekri yo jwenn nan liv tèss ou an. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li enstriksyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an, toutfwa, enfòmasyon ki apwopriye an rete menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tèss lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tèss lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tèss lan.
- Ou PA gendwa itilize dokiman sa a pou papye bouyon.
- Nan plizyè fwa, siveyan ou an pral anonse tan ki rete an nan seksyon an, ansanm ak poz yo lè li apwopriye. Si ou ap pase tèss ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo gendwa diferan ak kwonometraj ak poz ki sou lis nan dokiman sa a ki tradui an. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.
- Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon enpòtan



Enstriksyon ou jwenn nan liv tèss ou an

Tout tèks ki sonb yo endike enstriksyon siveyan ou an di

Kontni

Notes to the Proctor 1

Nòt pou Etidyan an 2

Tèks SAT Estanda 4

Anvan Tès lan Kòmanse 4

Distribisyon Fèy Repons yo 5

Distribisyon Liv Tès lan 7

Enstriksyon pou Paj Kouvèti an 9

Enstriksyon pou Kouvèti Do an 10

Tèks Estanda pou Sal ki Pa Konbine yo 11

Seksyon 1: Tès Lekti an 11

Deklarasyon Sètifikasyon 12

Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Lang 13

Seksyon 3: Tès Matematik – Okenn Kalkilatri 14

Seksyon 4: Tès Matematik – Kalkilatri 18

Disètasyon An 22

Tèks Estanda pou Sal Konbine yo 28

Seksyon 1: Tès Lekti an 28

Deklarasyon Sètifikasyon 29

Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Lang 30

Seksyon 3: Tès Matematik – Okenn Kalkilatri 31

Seksyon 4: Tès Matematik – Kalkilatri 35

Disètasyon An 40

1 Tèks SAT Estanda

1.1 Anvan Tès lan Kòmanse

Siveyan ou an pral kòmanse di:

Bonjou. Jan ou konnen, ou isi an pou ou pran SAT an. Felisitasyon dèske ou pran etap enpòtan sa a nan sans objektif ou yo pou fakilte ak karyè ou.

Anvan nou kòmanse tès lan, mwen pral li kèk enstriksyon. Sa ta dwe pran anviwon 20 minit. Tanpri koute ak atansyon epi leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Sonje, wòl mwen se pou asire ou gen pi bon opòtinite pou demontre kapasite ak konesans ou.

Si ou ap itilize enstriksyon ki enprime, ouvri livrè an kounya pou suiv pandan mwen ap bay enstriksyon.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Tèm ak kondisyon SAT College Board yo gen ladan yo règ ak politik pou asire tout elèv gen yon eksperyans tès ki jis epi ki egal. Tout moun nan sal lan jodi an responsab pou ede fè sa arive. Si yon moun deranje lòt moun oswa eseye genyen yon avantaj ki pa rezonab, mwen ap mande yo kite sal lan epi nòt yo an pral envalid. Yo gendwa anpeche yo tou pou pran lòt tès College Board alavni.

Siveyan ou an pral drese yon lis egzanp move konduit lè li di:

Men kèk egzanp avantaj ki pa jis:

- Bay oswa resevwa èd nan nenpòt fason
- Gade atravè liv tès lan anvan lè an kòmanse.
- Gade nenpòt lòt seksyon apa sa nou ladan l aktyèlman
- Make oswa chanje repons apre lè an rive
- Tante retire dokiman tès yo nan sal tès lan
- Posede yon telefòn mobil oswa tout lòt èd ki pa otorize pou pase tès swa pandan tès lan oswa pandan poz yo
- Itilize yon kle repons oswa pataje repons ak nenpòt ki moun pandan oswa pare tès lan
- Ale nan yon kazye oswa kite batiman an pandan tès lan
- Tante pran tès lan pou yon lòt moun
- Manje oswa bwè pandan tès lan san yon aranjman ki apwouve pou fè sa.
- Lakoz yon deranjman
- Enkapasite pou suiv pwosedi tès yo

Politik sa yo ede asire eksperyans tès ou an jodi an jis epi ou ka konsantre ou sou pwòp tès ou an san distraksyon.

(A) Si lekòl ou an te ranmase afè pèsònèl elèv yo, siveyan ou an pral di:

Distans sa a nou ta dwe remèt tout telefòn ak nenpòt lòt aparèy elektwonik. Si nenpòt moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt tip lan, ansanm ak yon mont entelijan oswa yon retrasè pou egzèsis fizik, tanpri dezaktive tout alam, etenn li epi remèt mwen l kounya e ou ap rejwenn li nan fen tès lan.

(B) Si lekòl ou an pa otorize ranmasaj afè pèsònèl elèv yo, siveyan ou an pral di:

Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pèsònèl nan men ou, ansanm ak yon mont entelijan oswa yon retrasè pou egzèsis fizik, ou dwe dezaktive tout alam, totalman fèmen l epi mete l nan yon valiz oswa sak nan do sou bò sal lan jouk tès lan fini. Si ou bezwen yon sachè plastik pou ou mete telefòn ou an ladan l, leve men ou epi mwen pral ba ou youn.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Yo gendwa ranmase epi enspekte kontni nenpòt aparèy elektwonik ki pa etenn epi mete aleka kòm yon pati nan yon ankèt an detay. Si yo wè ou ak yon aparèy oswa aparèy ou an fè bri oswa kreye yon deranjman pandan li nan men ou, mwen pral blije retire ou nan tès lan. Apati pwen sa a, mwen pral retire nenpòt elèv mwen wè ak yon telefòn, mont entelijan oswa lòt aparèy elektwonik.

Après siveyan ou an pral di:

Mèsi dèske ou fè atansyon ak enstriksyon sa yo. Kounya, nou pral debarase biwo nou pou tès lan.

- Retire tout bagay nan biwo ou an sof kreyon Nimewo 2 ou yo ki gen gòm, kalkilatri ki akseptab, ansanm ak tout lòt kalkilatri pou ijans, ak enstriksyon ki enprime oswa diskyonè ki bay tradiksyon mo pou mo, si ou ap itilize youn.
- Si ou te pote pil anplis, bwason oswa ti goute, mete yo atè an anba biwo ou an.
- Si ou gen valiz oswa sak nan do ki rete sou biwo ou an, fèmen yo epi mete yo arebò sal lan jouk tès lan fini.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Mwen pral pran yon moman kounya pou mwen gade epi asire m nou ap itilize kalkilatri ki akseptab yo.

Après siveyan ou an pral di:

Tanpri sonje ou pa gendwa pataje oswa fè echanj kalkilatri nan okenn moman. Mete kalkilatri ou an anba biwo ou an kounya. Ou pa p bezwen l jouk nan yon seksyon pi lwen.

1.2 Distribisyon Fèy Repons yo

Si lekòl ou an te òganize yon seyans preadministration, siveyan ou an pral asire l chak elèv resevwa pwòp fèy repons pa yo an ak enfòmasyon ki pou idantifye l. Tout elèv ki pa t patisipe nan yon seyans preadministration ap resevwa fèy repons ki pre-etikte yo an. Tout elèv ki pa gen yon fèy repons ki pre-etikte ap resevwa yon fèy repons ki vid.

Aprè distribisyon fèy repons yo, siveyan ou an pral di:

Sa yo se fèy repons ou pral itilize yo pou make repons ou yo nan tès lan. Si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè, li enstriksyon yo sou paj kouvèti pou fason pou make repons ou yo. Nimewo paj ou yo pral diferan parapò ak sa yo mwen anonse an, men nimewo chan yo ap menm bagay lan ak nimewo chan mwen bay pou tout moun yo. Ou pral make kare yo ak yon X olye ou ranpli yo ak yon boul.

Tanpri verifye pou asire w non legal kòrèk ou parèt sou fèy repons lan. Si fèy repons ou an gen yon etikèt sou li, tanpri verifye li montre non legal kòrèk ou. Leve men ou si ou gen move fèy repons lan oswa non ou pa kòrèk sou etikèt lan.

Siveyan ou an pral di:

Si fèy repons ou an gen non kòrèk ou ak lòt enfòmasyon ki ranpli sou li, tanpri chita san fè bri pandan kèk minit pandan mwen ap montre lòt elèv kijan pou ranpli chan obligatwa sou fèy repons yo an.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Ranpli non legal konplè ou nan chan 1 an kounya. Mete espas, trèdinyon oswa apwostwòf si sa yo fè pati non ou. Ekri lèt yo nan karaktè enprimri an majiskil nan bwat yo, apres a ranpli boul ki koresponn yo. Asire ou chak mak yo fons epi yo totalman ranpli boul lan. Verifye lè ou fini.

Pou chan 2 an, siveyan ou an pral di:

Si ou bezwen ranpli chan 2 an, epi ou frekante lekòl sa a, enprime kòd 6 chif lekòl nou an _____ nan chan 2 an epi ranpli boul ki koresponn yo. Verifye lè ou fini.

Si ou pa frekante lekòl sa a oswa ou resevwa enstriksyon lakay ou, leve men ou. Mwen pral vini jwenn ou pou ba ou kòd ki kòrèk lan pou ou antre nan chan 2 lan.

Pou chan 3 ak 4 yo, siveyan ou an pral di:

Si ou bezwen ranpli chan 3 ak 4 yo e ou nan lekòl sa a, ranpli boul lan pou “Wi” nan chan 3 a epi ekri non lekòl nou an, vil ak Eta a nan chan 4 lan. Si ou pa vin nan lekòl sa a souvan, ranpli boul ki aplike ak ou an nan chan 3 a epi ekri enfòmasyon lekòl ou an nan chan 4 lan. Leve men ou si ou pa sèten kisa pou ou ranpli.

Pou chan 5 lan, siveyan ou an pral di:

Si chan 5 lan vid, enprime epi ranpli nimewo idantifyan pou elèv Eta ou an, apati premye kolòn pou al agoch lan. Ou ka jwenn nimewo idantifyan pou elèv Eta ou an nan kwen anwo agoch etikèt lan. Si gen lèt nan nimewo ID ou an, pa mete yo epi sèlman antre chif yo san espas nan mitan yo. Si ou pa konnen nimewo idantifyan pou elèv Eta ou an, leve men ou tanpri. Verifye lè ou fini.

Pou chan 6 la, siveyan ou an pral di:

Si chan 6 lan vid, ranpli boul lan pou nòt aktyèl ou an nan chan 6 lan.

Pou chan 7 an, siveyan ou an pral di:

Si chan 7 lan vid, ranpli boul lan pou mwa ou te fèt lan. Sou fèy repons ki gen gwo karaktè yo, antre chif yo pou mwa a, kòmanse ak zewo si mwa a gen sèlman 1 chif. Ansuit, ekri nimewo de chif lan pou jounen ou te fèt ladan l lan, kòmanse ak yon zewo si jou an mwens pase 10. Apresa ekri 2 dènye chif ane ou te fèt ladan l lan. Ranpli boul ki koresponn yo epi verifeye lè ou fini.

Pou chan 8 an, siveyan ou an pral di:

Si chan 8 lan vid, make boul kòrèk lan nan chan 8 lan.

Anvan distribisyon liv tè s yo, siveyan ou an pral di:

Si ou gen lòt chan pou ou ranpli nan pati ki pa nan tè s lan nan fèy repons ou an, ou pral gen chans pou ou ranpli yo apre tè s lan fini.

1.3 **Distribisyon Liv Tè s lan**

Kounya siveyan ou an pral di:

Mwen pral distribiye liv tè s nou yo kounya. Pa ouvè yo jouk mwen di ou fè sa.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Lè ou jwenn liv tè s lan, vire l epi ekri siyati ou, prenon ou ak inisyal dezyèm prenon ou, si ou gen youn, an karaktè enprimri.

Après enprime kòd ak non _____ lekòl sa a _____, epi kòd (oswa non) sal tè s sal sa a _____, mwen afiche pou nou.

Après siveyan ou an pral di:

Kounya li kouvèti do an. Li gen enfòmasyon enpòtan apwopo fason pou make repons yo epi bay nòt. Lè ou fin li, tanpri verifeye.

Èske gen kesyon sou sa ou sot li an?

Siveyan ou an pral ba ou enstriksyon anplis pou ou make repons lè li di:

Li enpòtan pou ou suiv enstriksyon yo pou make repons ou yo pou yo ka note fèy repons ou an. Mwen pral mete aksan sou pwèn ki pi enpòtan yo pou asire yo klè. Tanpri tande ak atansyon.

- Make tout repons ou yo sou fèy repons lan. Ou gendwa itilize liv tè s ou an pou travay bwouyon, men se sèl repons ki make sou fèy repons lan k ap jwenn nòt amwenske ou gen apwobasyon College Board pou make yo nan liv tè s lan.
- Apre lè an fin rive, ou pa ka transfere repons yo apati liv tè s ou an pou al nan fèy repons ou an oswa ranpli boul yo.
- Asire w ou itilize yon kreyon Nimewo 2. Pa itilize yon plim, yon kreyon koulè oswa yon kreyon mekanik.
- Make 1 repons pou chak kesyon epi ranpli boul yo sou fèy repons lan nan yon fason ki fonsè epi totalman.
- Pa fè okenn mak sou fèy repons ou an apa repons ou yo. Mak kreyon sou fèy repons ou an pral fè entèferans ak nòt lan.
- Si ou efase, fè sa totalman. Efasaj ki pa konplè gendwa note kòm repons ki te swete.

Pou elèv ki apwouve yo pou anrejistre repons yo nan liv tè s yo an, siveyan nou an ap di:

Si yo te apwouve ou pou ou anrejistre repons ou yo nan liv tè s lan, antoure lèt repons ou chwazi an nan liv tè s ou an. Antoure sèlman 1 repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide ou, efase totalman otan ou kapab.

Ranpli Enfòmasyon sou Tès lan sou Fèy Repons yo

Pou chan 9 lan, Test Type (Tip Tès) lan, siveyan ou an pral di:

Nan chan 9 lan, fè wonn tè s ou ap pran jodi an, mwen afiche yo sou tablo an. Leve men ou si ou pa sèten ki tè s pou ou fè wonn li an.

Pou chan A a, Form Code (Kòd Fòmilè) lan, siveyan ou an pral di:

Jwenn chan A a nan do fèy repons ou an (oswa paj 16 fèy repons ki ak gwo karaktè ou an). Jwenn Form Code (Kòd Fòmilè) an nan do liv tè s ou an. Kopye Form Code (Kòd Fòmilè) an egzakteman jan l parèt lan nan tè s ou an nan chan A a nan fèy repons ou an epi ranpli boul ki apwopriye yo. Tanpri verifye lè ou fini.

Pou chan B an, Test ID (ID Tès), siveyan ou an ap di:

Pou chan B an, jwenn Test ID (ID Tès) an nan do liv tè s ou an. Kopye Test ID (ID Tès) an egzakteman jan l parèt nan liv tè s ou an nan chan B an nan fèy repons ou an, epi ranpli boul ki apwopriye yo. Tanpri verifye lè ou fini.

Pou chan C an, Test Book Serial Number (Nimewo Seri Liv Tès) lan, siveyan ou an pral di:

Pou chan C an, gade kouvèti liv tè s ou an. Jwenn nimewo an nan kwen anwo adwat lan ak yon etikèt Test Book Serial Number (Nimewo Seri Liv Tès lan). Antre nimewo seri ou an nan chan C an sou fèy repons ou an epi ranpli boul ki koresponn yo.

Aprè elèv yo fini chan A–C yo, siveyan ou an pral di:

Pou anpeche pwoblèm nan jwenn nòt ou yo, verifye chan Kòd Fòmilè an, Test ID (ID Tès), ak Test Book Serial Number (Nimewo Seri Liv Tès) yo pou asire w ou te antre yo kòrèkteman.

Si lekòl ou an ap itilize kòd sal tè s yo, siveyan ou an pral di:

Nan chan D an sou fèy repons ou an, antre kòd 3 chif sal tè s lan, _____, mwen afiche pou nou an.

Pwen Final yo Anvan Tès lan

Ak tout elèv yo, siveyan ou an ap di:

Ou pral kòmanse tè s lan nan kèk minit, aprè mwen li kèk enstriksyon final.

Pandan tè s lan, kenbe fèy repons ou an ak liv tè s ou an kouche sou biwo ou an. Si ou twouve yon move bagay nan fèy repons oswa liv tè s ou an, tankou yon paj ki manke oswa si ou reyalize ou ap ekri repons yo nan move seksyon fèy repons ou an, leve men ou.

Fèy repons ak liv tè s yo pa dwe janm soti nan sal tè s lan.

Tès lan kwonometre suivan seksyon an. Ou pral gen poz pandan tès lan kote ou ka kite sal sa a pou ou pran yon ti goute oswa itilize twalèt lan.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Mwen pral mache nan sal lan detanzantan pou asire tout moun ap travay sou seksyon ki kòrèk lan. Pou SAT an, ou ka sèlman travay sou 1 seksyon alafwa. Ou pa otorize pou ou ale nan pwochen seksyon an jouk yo di ou sa. Sa gendwa diferan ak sa ou abitye, kidonk asire w ou pa avanse oswa tounen nan yon lòt seksyon, menm si ou fini seksyon aktyèl lan bonè.

Sonje pou ou fè tout efò ou kapab epi bay yon repons pou chak kesyon, menm si ou pa sèten sou repons ki kòrèk lan. Ou pa p pèdi pwèn pou repons enkòrèk yo.

Yon fwa tès lan fini, tanpri rete chita epi pa kite sal lan jouk mwen relache ou. Si ou gen nenpòt kesyon ou gendwa poze yo kounya.

1.4 Enstriksyon pou Paj Kouvèti an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon paj kouvèti liv tès ou an.

Rapèl Enpòtan

1. Yon kreyon No. 2 obligatwa pou tès lan. Pa itilize yon kreyon oswa plim mekanik.
2. Pataje kesyon oswa repons tès lan ak nenpòt moun se yon vyolasyon Tèm ak Kondisyon nou yo. Si ou vyole Tèm ak Kondisyon nou yo, nou gendwa anile nòt ou yo e anpeche ou pran lòt evalyasyon alavni.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI NAN SAL LAN. REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KI PA OTORIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS SA A ENTÈDI.

© 2021 College Board. College Board, SAT ak logo glan an se mak depoze anrejistre College Board.

1.5 Enstriksyon pou Kouvèti Do an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon kouvèti do liv tè s ou an. Lè yo pase enstriksyon an, ou ta dwe ekri sou liv tè s lan oswa fèy repons lan, non pa sou dokiman sa a.

NON OU

(NAN KARAKTÈ ENPRIMRI)

SIYATI

PRENON

DEZYÈM INISYAL LAN

LEKÒL

KÒD LEKÒL LAN

NON LEKÒL LAN

KÒD / NON SAL TÈS LAN

SAT

ENTRIKSYON JENERAL

- Ou gendwa travay sèlman sou yon seksyon alafwa.
- Si ou fini yon seksyon anvan lè an rive, verifye travay ou an sou seksyon sa a. Ou PA gendwa ale nan okenn lòt seksyon.

MAKE REPONS YO

- Asire ou pou ou make fèy repons ou an kòrèkteman.

Mak ki Konplè:



Mak ki Pa Konplè yo:



- Ou dwe itilize yon kreyon No. 2.
- Make sèlman yon grenn repons pou chak kesyon ak swen.
- Asire w ou ranpli boul lan nèt fonsè epi totalman.
- Pa fè mak kreyon sou fèy repons ou an.
- Si ou efase, fè sa totalman. Efasaj ki pa konplè gendwa note kòm repons ki te swete.
- Itilize sèlman espas repons yo ki koresponn ak nimewo kesyon yo.

ITILIZE LIV TÈS OU AN

- Ou gendwa itilize liv tè s lan pou travay bwouyon, men ou pa p resevwa kredi pou anyen ou ekri nan liv tè s ou an.
- Apre lè an fin rive, ou pa ka transfere repons yo apati liv tè s ou an pou al nan fèy repons ou an oswa ranpli boul yo.
- Ou pa gen dwa pliye oswa retire paj oubyen pòsyon yon paj nan liv sa a oswa retire liv lan oubyen fèy repons lan nan sal tè s lan.

NOTASYON

- Pou chak repons kòrèk, ou resevwa yon pwen.
- Ou pa pèdi pwen pou move repons, kòm konsekans, ou ta dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa sèten sou repons kòrèk lan.

Lide ki nan pasaj yo pou tè s sa a, yo pran kèk ladan yo kòm ekstrè oswa yo adapte yo apati dokiman ki pibliye, pa nesesèman reprezante opinyon College Board.

ENPÖTAN

Kòd yo ki anba a inik ak liv tè s ou an. Kopye yo sou fèy repons ou an nan chan A ak B yo epi ranpli boul ki koresponn ak yo an egzakteman jan yo montre l lan.

A Form Code										B Test ID									
A	A	A	A	0	0	0				0	0	0	0	0	0	0			
B	B	B	B	1	1	1				1	1	1	1	1	1	1			
C	C	C	C	2	2	2				2	2	2	2	2	2	2			
D	D	D	D	3	3	3				3	3	3	3	3	3	3			
E	E	E	E	4	4	4				4	4	4	4	4	4	4			
F	F	F	F	5	5	5				5	5	5	5	5	5	5			
G	G	G	G	6	6	6				6	6	6	6	6	6	6			
H	H	H	H	7	7	7				7	7	7	7	7	7	7			
I	I	I	I	8	8	8				8	8	8	8	8	8	8			
J	J	J	J	9	9	9				9	9	9	9	9	9	9			
K	K	K	K																
L	L	L	L																
M	M	M	M																
N	N	N	N																
O	O	O	O																
P	P	P	P																
Q	Q	Q	Q																
R	R	R	R																
S	S	S	S																
T	T	T	T																
U	U	U	U																
V	V	V	V																
W	W	W	W																
X	X	X	X																
Y	Y	Y	Y																
Z	Z	Z	Z																

PA OUVRI LIV SA A JOUK SIVEYAN AN DI OU FÈ SA.

2 Tèks Estanda pou Sal ki Pa Konbine yo

2.1 Seksyon 1: Tès Lekti an



Lè estanda pou Seksyon 1 se **65 minit**, ki gen yon poz **5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèl lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou pral kòmanse tèl lan ak Seksyon 1, Tès Lekti an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1. Nou ap pran yon poz tou kout apre seksyon an fini. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit.

Kounya, ouvri fèy repons ou an nan Seksyon 1 an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tèl ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 1 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote. Si ou sote yon kesyon pou ou tounen sou li pita, asire w ou kite yon liy vid sou fèy repons lan. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tèl lan. Ou pa p pèdi pwèn pou repons enkòrèk yo, donk eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten sou repons kòrèk lan.

Kounya, ouvri liv tèl ou an nan Seksyon 1. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Bòn chans, tout moun.

Pou kòmanse tèl lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.1 Pandan Seksyon an

Apre 30 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 35 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Apre 60 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Apre egzakteman 65 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.1 Seksyon 1 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon yo jwenn nan kòmansman Seksyon 1 liv tès ou an.

65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj oswa pè pasaj ki anba yo gen yon kantite kesyon ki suiv yo. Apre ou fin li chak pasaj oswa pè pasaj, chwazi pi bon repons lan pou chak kesyon baze sou sa ki deklare oswa ki enplike nan pasaj lan oswa pasaj yo ak nan nenpòt grafik ki akonpanye yo (tankou yon tablo oswa yon koub).

2.1 Apre Seksyon 1 an

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tès ou an kote ou te sispenn travay lan. Fèmen liv tès ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

Nou ap kanpe kounya pou yon poz 10 minit. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:

- Pa diskite sou kesyon tès lan ak pèsòn oswa itilize okenn kalite aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa nenpòt lòt poz pandan tès lan.
- Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
- Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwèn di nou fè sa.

2.2 Deklarasyon Sètifikasyon

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Lè ou soumèt fèy repons ou an, ou ap mete ou dakò ou pa p, suivan okenn sikonstans, pran okenn kesyon tès apati sal tès lan, bay nenpòt moun yo l oswa diskite sou yo ak okenn moun atravè okenn mwayen, sa gen ladan l men l pa limite ak imèl, mesaj tèks oswa entènèt. Kondisyon sa yo anplas pou asire tout elèv gen yon eksperyans tès ki jis epi ki egal. Kondisyon yo prezante nan *SAT School Day Student Guide* ki disponib pou tout moun k ap pran tès SAT School Day yo epi sou entènèt nan sat.org.

Soti fèy repons ou an men kite liv tès ou an fèmen. Vire nan do fèy repons ou an epi jwenn chan Certification Statement (Deklarasyon Sètifikasyon) an. Apre ou fin li paragaf sou tèm yo anba a, kopye deklarasyon an nan estil ou ekri abityèlman

—ekri an karaktè enprimri oswa fè lèt ki moule bon. Apresa siyen tout non ou jan ou t ap fè l sou yon dokiman ofisyèl. Akote siyati ou, antre dat jodi an. Verifye lè ou fini.

Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon Deklarasyon Sètifikasyon ki nan do fèy repons ou an. Kopye deklarasyon an anglè, non pa nan tradiksyon yo bay nan dokiman sa a.

Mwen konfime mwen se moun ki sou lis fèy repons lan e mwen pwomèt pou m suiv Tèm ak Kondisyon SAT yo nan *SAT School Day Student Guide*.

2.3 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Lang



Lè estanda pou Seksyon 2 se **35 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tès ak Seksyon 2 an, Tès Redaksyon ak Lang lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 35 minit pou travay sou Seksyon 2. Mwen ap afiche lè pou derape ak lè pou kanpe yo, e mwen ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè nou ret 5 minit pou nou fini.

Jwenn Seksyon 2 lan nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 2 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tès lan.

Kounya, louvri liv tès ou an nan Seksyon 2. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.3 Pandan Seksyon an

Aprè 15 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 20 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè 30 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè egzakteman 35 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.3 Seksyon 2 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 2 liv tèss ou an.

35 MINIT, 44 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj ki anba akonpanye ak yon kantite kesyon. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi revizyon pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi koreksyon pou korije erè nan estrikti, itilizasyon oswa ponktiyasyon fraz yo. Yon pasaj oswa yon kesyon gendwa akonpanye ak yon grafik oswa plis (tankou yon tablo oswa koube) ou pral konsidere pandan ou ap pran desizyon revizyon ak koreksyon.

Kèk kesyon pral dirije ou nan yon pòsyon ki souliyen nan yon pasaj. Lòt kesyon pral dirije ou nan yon anplasman nan yon pasaj oswa mande ou pou ou reflechi sou pasaj lan nan entegralite l.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons ak chak kesyon ki pi byen amelyore kalite redaksyon nan pasaj lan oswa ki rann pasaj lan konfòm ak konvansyon anglè estanda yo ekri an. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon “NO CHANGE” (“OKENN CHANJMAN”). Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se pou kite pòsyon ki apwopriye nan pasaj lan jan l ye an.

2.3 Apre Seksyon 2

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tèss ou an kote ou te sispann travay lan.
Fèmen liv tèss ou an epi kite l sou biwo ou an.

2.4 Seksyon 3: Tès Matematik – Okenn Kalkilatis



Lè estanda pou Seksyon 3 se **25 minit**, ki gen yon poz **5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèss lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tèss lan ak Seksyon 3, Tès Matematik lan san Kalkilatis.
Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 25 minit pou travay sou Seksyon 3. Nou ap pran yon poz tou kout apre seksyon an fini. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit.

Siveyan ou an pral di:

Jwenn Seksyon 3 a nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa.
Kenbe fèy repons ou an ak liv tèss ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 3 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men dènye kesyon yo se repons elèv yo fè. Enstriksyon yo pou ranplisaj repons ou yo pou kesyon sa yo nan liv tèl ou an. Ou pa p janm bezwen plis pase 4 espas pou anrejistre repons ou an, malgre kèk repons ta ka pa itilize tout 4 espas yo.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Malgre sa se yon seksyon matematik, ou pa otorize pou itilize yon kalkilatri nan pòsyon sa a nan tèl lan. Tanpri kenbe kalkilatri ou an anba biwo ou amwenske ou apwouve pou itilize yon kalkilatri 4 fonksyon antanke yon aranjman.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an sou seksyon sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt seksyon nan tèl lan.

Kounya, louvri liv tèl ou an nan Seksyon 3. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tèl lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.4 Pandan Seksyon an

Aprè 10 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 15 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè 20 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè egzakteman 25 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.4 Seksyon 3 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 3 liv tès ou an.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 3 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-15 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo, epi ranpli boul ki koresponn lan sou fèy repons ou an. Pou kesyon 16-20 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy ki sou fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 16 sou fason pou antre repons ou yo nan griy lan. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tès ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris **pa otorize**.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Chema ki bay nan tès sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout chema yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòmè l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 16-20 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan, jan sa dekri anba, nan fèy repons lan.

1. Malgre li pa obligatwa, yo sijere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou ap resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon boul nan kèlkeswa kolòn lan.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon grenn repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
5. **Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si

3	1	/	2
○	○	○	○
○	○	○	○

 antre nan tablo an, yo pral entèprete l kòm $31/2$, non pa $3\frac{1}{2}$.)
6. **Nonb desimal**: Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

				7	/	1	2						
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0	0						
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										
5	5	5	5										
6	6	6	6										
7	7	7	7										
8	8	8	8										
9	9	9	9										

Ekri repons lan nan bwat yo →

← Liy fraksyon an

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

				2	.	5							
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										
5	5	5	5										
6	6	6	6										
7	7	7	7										
8	8	8	8										
9	9	9	9										

← Pwen desimal

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

				2	/	3							
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										
5	5	5	5										
6	6	6	6										
7	7	7	7										
8	8	8	8										
9	9	9	9										

				.	6	6	6						
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										
5	5	5	5										
6	6	6	6										
7	7	7	7										
8	8	8	8										
9	9	9	9										

				.	6	6	7						
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										
5	5	5	5										
6	6	6	6										
7	7	7	7										
8	8	8	8										
9	9	9	9										

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

				2	0	1							
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										

				2	0	1							
				○	○	○	○	○	○				
				0	0	0							
1	1	1	1										
2	2	2	2										
3	3	3	3										
4	4	4	4										

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize yo ta dwe rete blanch.

2.4 Apre Seksyon 3

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tè s ou an kote ou te sispann travay lan. Fèmen liv tè s ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

Nou ap kanpe kounya pou yon poz tou kout. Pandan poz lan, si ou te pote yon ti goute, ou gendwa manje l nan espas ki fèt pou sa sèlman. Menm jan ak anvan, si ou bezwen kite sal lan, pa ale lòt kote apa espas ki fèt pou sa yo, koulwa a oswa twalèt lan. Pa pale nan koulwa a, diskite sou kesyon tè s yo ak pèsòn oswa itilize okenn tip aparèy elektwonik pandan poz lan.

Nou ap rekòmanse teste nan egzakteman 5 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tè s lan jouk mwen di nou fè sa.

2.5 Seksyon 4: Tès Matematik – Kalkilatis



Lè estanda pou Seksyon 4 se **55 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tè s lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tè s ak Seksyon 4 la, Tès Matematik ak Kalkilatis lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 55 minit pou travay sou Seksyon 4. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Siveyan ou an pral di:

Ou gendwa itilize yon kalkilatis pou seksyon sa a. Si ou gen yon kalkilatis, tanpri retire kouvèti an epi mete kalkilatis lan sou biwo ou an kounya. Kenbe kouvèti kalkilatis ou an atè an anban biwo ou an pandan tè s lan.

Menm si ou otorize pou itilize yon kalkilatis nan seksyon sa a, tout kesyon yoo ka reponn san yon kalkilatis. Si ou itilize yon kalkilatis, sonje pou ou suiv direktiv sa yo:

- Kite kalkilatis ou an kouche dwat sou biwo ou an oswa kenbe l pou lòt elèv yo pa ka gade travay ou an.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatis ou an.
- Si ou gen yon kalkilatis oswa pil pou ijans, kite yo atè an anba biwo ou an.
- Si kalkilatis ou an ap bay pwoblèm epi ou gen pil oswa yon kalkilatis pou ranplasman, leve men ou. Mwen pral vin asiste ou. Si ou pa gen yon kalkilatis pou ijans, kontinye tè s lan epi fè tout sa ou ka fè.

Jwenn Seksyon 4 lan nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tè s ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 4 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men dènye kesyon yo se repons elèv yo fè. Ranpli sa yo menm jan ou te fè l ak dènye seksyon an.

Siveyan ou an pral di:

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tès lan.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan 4. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.5 **Pandan Seksyon an**

Aprè 25 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 30 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè 50 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè egzakteman 55 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.5 Seksyon 4 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 4 liv tès ou an.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 4 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-30 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo, epi ranpli boul ki koresponn lan nan fèy repons ou an. Pou kesyon 31-38 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan nan fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 31 sou fason pou antre repons ou yo nan griy lan. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tès ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris otorize.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Chema ki bay nan tès sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout chema yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòme l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$


Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 31-38 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan, jan sa dekri anba, nan fèy repons lan.

- Malgre li pa obligatwa, yo sijere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou ap resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
- Pa make plis pase yon boul nan kèlkeswa kolòn lan.
- Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
- Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon grenn repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
- Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si  antre nan tablo an, yo pral entèprete l kòm $31/2$, non pa $3\frac{1}{2}$.)
- Nonb desimal:** Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

	7	/	1	2
Ekri repons lan nan bwat yo	○	○	○	○
	○	●	○	○
	0	0	0	0
	1	1	1	1
	2	2	2	●
	3	3	3	3
	4	4	4	4
	5	5	5	5
	6	6	6	6
	●	7	7	7
	8	8	8	8
	9	9	9	9

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

		2	.	5
	○	○	○	○
	○	○	○	○
	○	○	○	○
	1	1	1	1
	2	●	2	2
	3	3	3	3
	4	4	4	4
	5	5	5	●
	6	6	6	6
	7	7	7	7
	8	8	8	8
	9	9	9	9

Pwen desimal

Liy fraksyon an

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

	2	/	3
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	●	2	2
3	3	3	●
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	6
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	●	●	●
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	7
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	●	●	●
7	7	7	●
8	8	8	8
9	9	9	9

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	1	●
2	●	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
1	1	○	1
2	○	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize yo ta dwe rete blanch.

2.5 Apre Seksyon 4

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Fèmen fèy repons ou an pou paj 1 an parèt anlè. Fèmen liv tès ou an.

Kounya siveyan ou an pral di:

Anvan mwen ranmase dokiman tès nou yo, tanpri vire fèy repons nou an (oswa vire l nan paj 16 si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè) epi verifye nou ranpli Form Code (Kòd Fòmilè) lan nan chan A a. Form Code (Kòd Fòmilè) sa a obligatwa pou yo note tès nou an.

Verifye ou te ranpli chan B ak C yo tou. Tanpri leve men ou si ou bezwen èd pou ranpli nenpòt chan.

Pou elèv k ap pran SAT an san Disètasyon

Tès lan fini. Pousuiv nan [Lè Tès lan Fini](#) sou paj 24 la.

Pou elèv ki ap pran SAT ak Disètasyon an

Siveyan ou an ap kontinye ak poz ki suiv lan.

2.5 Poz Ant Seksyon yo

Aprè ranmasaj ak dekont liv tès yo, siveyan ou an pral di:

Mete kalkilatis ou an anba biwo ou an. Nou pral pran yon poz kounya pou nou detire pandan 2 minit. Ou pa gen dwa kite sal la oswa diskite sou kesyon tès yo.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou.

2.6 Disètasyon An



Lè estanda pou Seksyon Disètasyon an se **50 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen pral bay chak nan nou yon liv Disètasyon. Pa ouvè liv Disètasyon ou an jouk mwen di ou pou ou fè sa a.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Lè ou resevwa liv Disètasyon ou an, vire l epi ekri siyati ou, prenon ou ak inisyal dezyèm prenon ou, si ou gen youn, an karaktè enprimri. Apresa enprime kòd ak non _____ lekòl sa a _____, ak kòd sal (oswa non) sal tès sa a _____, mwen afiche pou nou an.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Kounya, ouvri fèy repons ou an nan paj 6. Si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè, al nan paj 30 lan. Nan do liv Disètasyon ou an, jwenn Essay Code (Kòd Disètasyon) an. Kopye Essay Code (Kòd Disètasyon) an nan chan sou fèy repons ou an egzakteman jan l parèt nan do liv Disètasyon ou an epi ranpli boul ki koresponn lan. Chan sa a dwe ranpli kòrèkteman oswa disètasyon ou an ka pa korije.

Lè tout elèv yo gen yon liv Disètasyon, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen pral ba ou kèk enstriksyon pou ede ou asire disètasyon ou an note ak presizyon.

- Itilize paj plan ki pa gen liy lan pou pran nòt epi planifye disètasyon ou an. Pa gen anyen ou ekri sou paj ki pa gen liy lan ki pral note.
- Lè ou pare, kòmanse ekri disètasyon ou an nan premye paj ki gen liy lan, ki di "Begin Your Essay Here ("Kòmanse Disètasyon Ou an La")." Ekri disètasyon ou an sou paj sa yo ki gen liy lan epi nan espas maj yo ki make an.
- Itilize yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon oswa si ou kite paj yo vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou Disètasyon an.
- Disètasyon ou an dwe rete nan limit paj yo bay yo. Pa ekri anyen apre mo "STOP" lan nan dènye paj ki gen liy lan, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pa p note.

Pou kòmanse Disètasyon an, siveyan ou an pral di:

Nou pral ale kounya nan Disètasyon an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 50 minit pou travay sou seksyon Disètasyon an. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit. Kenbe fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an kouche sou biwo ou an.

Tanpri pa siyen disètasyon ou an oswa ajoute non ou ladan l (menm jan ak "By Jane Doe" ("Se Jane Doe ki fè l")). Fè yon bagay konsa ka retade nòt disètasyon ou an.

Kounya li enstriksyon yo, apres a ale nan kesyon Disètasyon an epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.

2.6 Pandan Disètasyon an

Aprè 25 minit siveyan ou an ap di:

Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Aprè 45 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Aprè egzakteman 50 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Fèmen fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè akote liv Disètasyon ou an.

2.6 Enstriksyon pou Liv Disètasyon an



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon yo jwenn nan kòmansman liv Disètasyon ou an.

ENSTRIKSYON

Disètasyon an ba ou yon opòtinite pou montre kijan ou ka li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon disètasyon ki analize pasaj lan. Nan disètasyon ou an, ou ta dwe demontre ou te li pasaj lan ak swen, prezante yon analiz klè epi lojik, epi itilize langaj ou ak presizyon.

Disètasyon ou an dwe ekri sou liy yo bay nan fèy repons ou an; eksepte pou Paj Plan fèy repons lan, ou pa p resevwa okenn lòt papyè pou ou ekri. Ou pral gen ase espas si ou ekri sou chak liy, evite gwo maj, epi kenbe ekriti ou nan yon dimansyon ki rezonab. Sonje moun ki pa abitye ak ekriti ou pral li sa ou ekri an. Eseye ekri oswa fè lèt yo pou sa ou ap ekri an lizib pou lektè sa yo.

RAPÈL

- Pa ekri disètasyon ou an nan livrè sa a. Sèl sa ou ekri sou paj ki gen liy fèy repons ou an pral evalye.
- Yon disètasyon ki pa ret nan sijè an pa p evalye

Ou gen 50 minit (lè estanda) pou li pasaj lan epi ekri yon disètasyon pou reponn ak ensitasyon ki bay anndan livrè sa a.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI NAN SAL LAN. REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KI PA OTORIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS SA A ENTÈDI.

2.6 Apre Disètasyon an

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita san fè bri pandan mwen ap ranmase liv Disètasyon nou yo.

2.6 Lè Tès lan Fini

Elèv yo ki fini fè tès lan gendwa bezwen pou yo voye yo ale nan 2 gwoup—elèv ki te ranpli tout chan yo sou fèy repons lan (yo ta dwe voye yo ale dabò), epi elèv yo ki pa t ranpli enfòmasyon ki pa pou tès yo sou fèy repons yo an oswa vle fè chanjman nan rapò sou nòt yo nan chan 15 lan sou fèy repons lan.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Felisitasyon, ou fini tès lan.

Kounya koute enfòmasyon enpòtan sa a. Si ou vle anile nòt ou yo anvan ou kite, mande yon fòmilè Request to Cancel Test Scores (Demann pou Anile Nòt pou Tès) lan, li dwe ranpli anvan ou kite sal lan. Pou anile nòt ou yo pi devan, ou dwe avize College Board sa a alekri.

Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon imèl oswa yon apèl telefòn. Voye demann anilasyon ou an siyen pa lapòs oswa faks jodi pou demen, pa pita pase 11:59 p.m. Lè Lès nan katriyèm jou semèn lan apati jodi an. Ou ka jwenn fòmilè an tou sou entènèt nan sat.org.

Si ou anile nòt ou yo, yo ap toujou voye yo bay eta a, men yo pa p voye yo bay fakilte oswa òganizasyon bous detid ou te chwazi yo oswa disponib nan sistèm rapò College Board lan.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Si ou toujou gen enfòmasyon ki pa nan tèl lan pou ou ranpli sou fèy repons ou an, ansanm ak nenpòt chanjman ou vle fè nan chan 15 lan, kote ou ka chwazi ki fakilte oswa pwogram bous detid ou vle resevwa nòt ou yo, tanpri ouvri fèy repons ou an nan paj 2. Demann rapò sou nòt ou fè an ap gratis pou kounya. Chita san fè bri epi pa ekri anyen sou fèy repons lan pandan mwen ap fè lòt elèv yo ale. Nan kèk minit mwen pral ede ou ranpli fèy repons ou yo.

Pou elèv yo ki te ranpli enfòmasyon ki pa nan tèl yo sou fèy repons yo, pou suiv nan [Ranmasaj Fèy Repons yo](#) sou paj 27 la.

2.6 **Ranpli Fèy Repons yo**

Si ou ranpli enfòmasyon pèsònèl yo sou fèy repons ou an, kenbe fèy repons ou an fèmen. Siveyan ou an pral ranmase fèy repons ou an. Sinon, chita san fè bri pandan lòt elèv yo prale.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Suiv avè m nan *Student Answer Sheet Instructions* livrè an pandan m ap li enstriksyon yo ban nou.

Pou chan 10–14 yo, siveyan ou an pral di:

Ale nan paj 2 an epi ranpli adrès ou nan chan 10 pou rive 13 nan fèy repons ou an. Chan sa yo opsyonèl men yo rekòmande yo. Kite chan 14 lan vid. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Verifye lè ou fini.

Pou chan 15 lan, siveyan ou an pral di:

Ou ap jwenn chan 15 lan nan paj 2 fèy repons ou an. Lè ou ap pran SAT nan kad SAT School Day, ou gen dwa pou voye nòt ou yo bay jiska 4 fakilte oswa pwogram bous. Si ou ranpli seksyon opsyonèl sa a, nòt ou yo ap voye gratis. Ou ka voye nòt yo pi devan tou pou yon ti frè. Fakilte ak inivèsite yo toujou enpasyon pou jwenn nòt nan men elèv yo, menm si ou pa pare pou aplike.

Jwenn Lis Kòd pou Rapòte Nòt yo nan livrè *Student Answer Sheet Instructions* ou an. Itilize lis sa a pou jwenn nimewo 4 chif pou lekòl ak pwogram bous ou vle voye nòt ou yo bay lan. Fakilte ak inivèsite ameriken yo ranje dabò nan yon lis nan lòd alfabetik suivan Eta a. Enstitisyon sou teritwa Etazini yo vini apre, enstitisyon entènasyonal yo suiv yo ansuit. Lis final ki nan livrè sa a montre pwogram bous yo ki ranje nan lis dapre Eta a oswa peyi an, nan lòd alfabetik.

Pou chak kote ou vle voye nòt yo bay, kopye 4 chif ki nan bwat yo epi ranpli boul ki koresponn yo. Fè m konnen si ou gen nenpòt kesyon.

Verifye lè ou fini.

Kounya siveyan ou an pral di:

Si ou pa gen lòt enfòmasyon pou ou mete sou fèy repons ou an, fèmen *Student Answer Sheet Instructions* lan ak fèy repons ou an epi met fèy repons lan fas anwo sou biwo ou an.

Si ou deja fini chan 16–39 yo nan fèy repons ou an, ale nan Ranmasaj Fèy Repons lan epi tann pandan siveyan ou an ap li pwochen tèks yo pou lòt elèv yo.

Ak tout elèv ki tete nan sal lan, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen pral ede elèv yo kòmanse ranpli rès fèy repons lan epi pandan yo ap travay, mwen ap voye ale nenpòt moun ki fini.

Pou chan 16 lan, siveyan ou an pral di:

Ale nan paj 3. Suiv enstriksyon nan livrè ou an pou ranpli chan 16 lan epi endike si wi ou non ou ta renmen antre ladan l. Leve men ou si ou gen kesyon.

Pou chan 17 lan, siveyan ou an pral di:

Si ou ta renmen jwenn enfòmasyon nan men College Board apati imèl, ansanm ak enfòmasyon sou nòt ou yo yon fwa yo vin disponib sou entènèt, ekri adrès imèl ou epi ranpli boul ki koresponn yo nan chan 17 lan. Sa se nan paj 6 si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè. Di nan tèt chan an si sa se pwòp adrès ou oswa si se adrès paran ou oswa gadyen ou an. Si ou bay pwòp adrès imèl ou e ou te chwazi Student Search Service (Sèvis Rechèch pou Elèv) nan chan 16 lan, ou gendwa fè yo voye enfòmasyon nan men fakilte yo ba ou.

Ak tout elèv yo, pou chan 18 lan, siveyan ou an pral di:

Chan 18 lan mande nimewo telefòn ou Ozetazini. Yo aksepte nimewo mobil Ozetazini sèlman. Chan sa a opsyonèl. Si ou dakò ak tèm ki enprime sou fèy repons ou an, antre nimewo telefòn ou. Tanpri verifeye lè ou fini.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Kounya nou pral ranpli rès kesyon ki pa nan tèl lan, ki mande plis enfòmasyon sou ou, pase edikatif ou, eksperyans ak aktivite epi enterè ou yo.

Ou ka li avantaj ki gen nan bay enfòmasyon opsyonèl sa yo nan livrè *Student Answer Sheet Instructions* ou an. Li enpòtan pou ou konnen College Board pral kapab itilize enfòmasyon sa a epi bay li ak lòt moun pou itilizasyon anplis, tankou rechèch.

Chan sa yo opsyonèl. Si paran ou oswa gadyen ou te di w ou pa ta dwe ranpli okenn enfòmasyon opsyonèl oswa volontè, tanpri jis chita san fè bri pandan nou ap pase nan aktivite sa a. Pa ranpli okenn chan ki mande enfòmasyon paran oswa gadyen ou an te di ou pa bay.

Yo bay enstriksyon sou fason pou ranpli chan sa yo nan livrè *Student Answer Sheet Instructions* ou an apati paj 2 an. Suiv enstriksyon yo pou ou ranpli chan 19 pou rive 22 yo. Apresa al sou bò anndan kouvèti do fèy repons ou an (oswa paj 8 nan fèy repons ki gen gwo karaktè an) pou ranpli chan 23 a 39 yo. Leve men ou si ou gen nenpòt kesyon.

Lè ou fini, fèmen livrè *Student Answer Sheet Instructions* ou an epi mete l akote fèy repons ou an sou biwo ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè sou biwo ou an. Tanpri rete tann san fè bri pandan lòt yo ap fini.

2.6 **Ranmasaj Fèy Repons yo**

Ak elèv ki pare pou yo ale yo, siveyan ou an pral di:

Sonje, ou pa ta dwe, suivan okenn sikonstans, pran okenn kesyon tè s nan sal tè lan, bay pèsòn yo l oswa diskite sou yo ak pèsòn atravè okenn mwayen, sa gen ladan l imèl, mesaj tèks oswa entènèt.

Ak tout elèv ki fini Disètasyon SAT an, siveyan ou an pral di:

Anplis, ou pa otorize pou diskite oswa pataje kesyon Disètasyon jodi an jouk apre yo pibliye nòt yo.

Siveyan ou an pral raple elèv yo sou konsekans yo lè li di:

Jan mwen te di l nan kòmansman tè lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik sa yo ki gen rapò ak sekirite tè lan, nòt yo an ap anile e yo gendwa anpeche yo pase lòt tè College Board alavni.

(A) Si elèv yo bezwen ranmase afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tè sa a fini kounya. Pandan ou ap prepare pou ou ale, tanpri vini epi rebran afè pèsònèl ou yo mwen te ranmase nan men ou anvan sa. Yon fwa ou gen tout afè ou yo, ou gendwa soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tè. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.

(B) Si elèv yo gen tout afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tè la fini kounya. Rasanble afè ou yo epi soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tè. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.

Si kèk elèv ap ret tann pou ranpli enfòmasyon opsyonèl yo ki pa nan tè lan sou fèy repons yo an, yo ap al nan [Ranpli Fèy Repons yo](#) sou paj 25 la.

3 Tèks Estanda pou Sal Konbine yo

3.1 Seksyon 1: Tès Lekti an



Lè estanda pou Seksyon 1 se **65 minit**, ki gen yon poz **5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèl lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou pral kòmanse tèl lan ak Seksyon 1, Tès Lekti an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 65 minit pou travay sou Seksyon 1. Nou ap pran yon poz tou kout apre seksyon an fini. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit.

Kounya, ouvri fèy repons ou an nan Seksyon 1 an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tèl ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 1 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote. Si ou sote yon kesyon pou ou tounen sou li pita, asire w ou kite yon liy vid sou fèy repons lan. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tèl lan. Ou pa p pèdi pwèn pou repons enkòrèk yo, donk eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten sou repons kòrèk lan.

Kounya, ouvri liv tèl ou an nan Seksyon 1. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Bòn chans, tout moun.

Pou kòmanse tèl lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

3.1 Pandan Seksyon an

Apre 30 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 35 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Apre 60 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 1 an.

Apre egzakteman 65 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

3.1 Seksyon 1 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon yo jwenn nan kòmansman Seksyon 1 liv tès ou an.

65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj oswa pè pasaj ki anba yo gen yon kantite kesyon ki suiv yo. Apre ou fin li chak pasaj oswa pè pasaj, chwazi pi bon repons lan pou chak kesyon baze sou sa ki deklare oswa ki enplike nan pasaj lan oswa pasaj yo ak nan nenpòt grafik ki akonpanye yo (tankou yon tablo oswa yon koub).

3.1 Apre Seksyon 1 an

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tès ou an kote ou te sispenn travay lan. Fèmen liv tès ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

Nou ap kanpe kounya pou yon poz 10 minit. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:

- Pa diskite sou kesyon tès lan ak pèsòn oswa itilize okenn kalite aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa nenpòt lòt poz pandan tès lan.
- Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
- Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Nou pral kòmanse pase tès lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tès lan jouk mwèn di nou fè sa.

3.2 Deklarasyon Sètifikasyon

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Lè ou soumèt fèy repons ou an, ou ap mete ou dakò ou pa p, suivan okenn sikonstans, pran okenn kesyon tès apati sal tès lan, bay nenpòt moun yo l oswa diskite sou yo ak okenn moun atravè okenn mwayen, sa gen ladan l men l pa limite ak imèl, mesaj tèks oswa entènèt. Kondisyon sa yo anplas pou asire tout elèv gen yon eksperyans tès ki jis epi ki egal. Kondisyon yo prezante nan *SAT School Day Student Guide* ki disponib pou tout moun k ap pran tès SAT School Day yo epi sou entènèt nan sat.org.

Soti fèy repons ou an men kite liv tès ou an fèmen. Vire nan do fèy repons ou an epi jwenn chan Certification Statement (Deklarasyon Sètifikasyon) an. Apre ou fin li paragaf sou tèm yo anba a, kopye deklarasyon an nan estil ou ekri abityèlman

—ekri an karaktè enprimri oswa fè lèt ki moule bon. Apresa siyen tout non ou jan ou t ap fè l sou yon dokiman ofisyèl. Akote siyati ou, antre dat jodi an. Verifye lè ou fini.

Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon Deklarasyon Sètifikasyon ki nan do fèy repons ou an. Kopye deklarasyon an anglè, non pa nan tradiksyon yo bay nan dokiman sa a.

Mwen konfime mwen se moun ki sou lis fèy repons lan e mwen pwomèt pou m suiv Tèm ak Kondisyon SAT yo nan *SAT School Day Student Guide*.

3.3 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Lang



Lè estanda pou Seksyon 2 se **35 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tès ak Seksyon 2 an, Tès Redaksyon ak Lang lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 35 minit pou travay sou Seksyon 2. Mwen ap afiche lè pou derape ak lè pou kanpe yo, e mwen ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè nou ret 5 minit pou nou fini.

Jwenn Seksyon 2 lan nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 2 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tès lan.

Kounya, louvri liv tès ou an nan Seksyon 2. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

3.3 Pandan Seksyon an

Aprè 15 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 20 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè 30 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 2 an.

Aprè egzakteman 35 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

3.3 Seksyon 2 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 2 liv tèss ou an.

35 MINIT, 44 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON

Chak pasaj ki anba akonpanye ak yon kantite kesyon. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi revizyon pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere kijan pasaj lan ta ka sibi koreksyon pou korije erè nan estrikti, itilizasyon oswa ponktiyasyon fraz yo. Yon pasaj oswa yon kesyon gendwa akonpanye ak yon grafik oswa plis (tankou yon tablo oswa koube) ou pral konsidere pandan ou ap pran desizyon revizyon ak koreksyon.

Kèk kesyon pral dirije ou nan yon pòsyon ki souliyen nan yon pasaj. Lòt kesyon pral dirije ou nan yon anplasman nan yon pasaj oswa mande ou pou ou reflechi sou pasaj lan nan entegralite l.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons ak chak kesyon ki pi byen amelyore kalite redaksyon nan pasaj lan oswa ki rann pasaj lan konfòm ak konvansyon anglè estanda yo ekri an. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon “NO CHANGE” (“OKENN CHANJMAN”). Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se pou kite pòsyon ki apwopriye nan pasaj lan jan l ye an.

3.3 Apre Seksyon 2

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tèss ou an kote ou te sispann travay lan. Fèmen liv tèss ou an epi kite l sou biwo ou an.

3.4 Seksyon 3: Tès Matematik – Okenn Kalkilatri



Lè estanda pou Seksyon 3 se **25 minit**, ki gen yon poz **5 minit** nan fen seksyon an. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tèss lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tèss lan ak Seksyon 3, Tès Matematik lan san Kalkilatri. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 25 minit pou travay sou Seksyon 3. Nou ap pran yon poz tou kout apre seksyon an fini. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit.

Siveyan ou an pral di:

Jwenn Seksyon 3 a nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tèss ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 3 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men dènye kesyon yo se repons elèv yo fè. Enstriksyon yo pou ranplisaj repons ou yo pou kesyon sa yo nan liv tèl ou an. Ou pa p janm bezwen plis pase 4 espas pou anrejistre repons ou an, malgre kèk repons ta ka pa itilize tout 4 espas yo.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Malgre sa se yon seksyon matematik, ou pa otorize pou itilize yon kalkilatri nan pòsyon sa a nan tèl lan. Tanpri kenbe kalkilatri ou an anba biwo ou amwenske ou apwouve pou itilize yon kalkilatri 4 fonksyon antanke yon aranjman.

Si ou fini anvan mwen di lè an rive, ou gendwa verifye travay ou an sou seksyon sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt seksyon nan tèl lan.

Kounya, louvri liv tèl ou an nan Seksyon 3. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tèl lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

3.4 Pandan Seksyon an

Aprè 10 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 15 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè 20 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 3 an.

Aprè egzakteman 25 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

3.4 Seksyon 3 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 3 liv tès ou an.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 3 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-15 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo, epi ranpli boul ki koresponn lan sou fèy repons ou an. Pou kesyon 16-20 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy ki sou fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 16 sou fason pou antre repons ou yo nan griy lan. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tès ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris **pa otorize**.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Chema ki bay nan tès sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout chema yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòme l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 16-20 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan, jan sa dekri anba, nan fèy repons lan.

1. Malgre li pa obligatwa, yo sijere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou ap resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon boul nan kèlkeswa kolòn lan.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon grenn repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
5. **Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si

3	1	/	2
○	○	○	○
○	○	○	○

 antre nan tablo an, yo pral entèprete l kòm $31/2$, non pa $3\frac{1}{2}$.)
6. **Nonb desimal**: Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons lan nan bwat yo			
7	/	1	2
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	0	0
1	1	○	1
2	2	2	○
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
○	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

Pwen desimal			
	2	.	5
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	0	0
1	○	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	○
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Liy fraksyon an

← Pwen desimal

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

	2	/	3
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	0	0
1	1	1	1
2	○	2	2
3	3	3	○
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	6
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	○	○	○
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	7
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	○	○	○
7	7	7	○
8	8	8	8
9	9	9	9

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
1	0	○	0
1	1	1	○
2	○	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
1	○	0	0
1	1	○	1
2	○	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize yo ta dwe rete blanch.

3.4 Apre Seksyon 3

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Mete fèy repons ou an sou paj nan liv tè s ou an kote ou te sispann travay lan. Fèmen liv tè s ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

Nou ap kanpe kounya pou yon poz tou kout. Pandan poz lan, si ou te pote yon ti goute, ou gendwa manje l nan espas ki fèt pou sa sèlman. Menm jan ak anvan, si ou bezwen kite sal lan, pa ale lòt kote apa espas ki fèt pou sa yo, koulwa a oswa twalèt lan. Pa pale nan koulwa a, diskite sou kesyon tè s yo ak pèsòn oswa itilize okenn tip aparèy elektwonik pandan poz lan.

Nou ap rekòmanse teste nan egzakteman 5 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tè s lan jouk mwen di nou fè sa.

3.5 Seksyon 4: Tès Matematik – Kalkilatis



Lè estanda pou Seksyon 4 se **55 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tè s lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye pase tè s ak Seksyon 4 la, Tès Matematik ak Kalkilatis lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 55 minit pou travay sou Seksyon 4. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini.

Siveyan ou an pral di:

Ou gendwa itilize yon kalkilatis pou seksyon sa a. Si ou gen yon kalkilatis, tanpri retire kouvèti an epi mete kalkilatis lan sou biwo ou an kounya. Kenbe kouvèti kalkilatis ou an atè an anban biwo ou an pandan tè s lan.

Menm si ou otorize pou itilize yon kalkilatis nan seksyon sa a, tout kesyon yoo ka reponn san yon kalkilatis. Si ou itilize yon kalkilatis, sonje pou ou suiv direktiv sa yo:

- Kite kalkilatis ou an kouche dwat sou biwo ou an oswa kenbe l pou lòt elèv yo pa ka gade travay ou an.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatis ou an.
- Si ou gen yon kalkilatis oswa pil pou ijans, kite yo atè an anba biwo ou an.
- Si kalkilatis ou an ap bay pwoblèm epi ou gen pil oswa yon kalkilatis pou ranplasman, leve men ou. Mwen pral vin asiste ou. Si ou pa gen yon kalkilatis pou ijans, kontinye tè s lan epi fè tout sa ou ka fè.

Jwenn Seksyon 4 lan nan fèy repons ou an. Pa kòmanse jouk mwen di ou fè sa. Kenbe fèy repons ou an ak liv tè s ou an kouche sou biwo ou an. Asire w ou make repons ou yo nan Seksyon 4 fèy repons lan epi verifye repons ou yo nan bon espas yo pou chak kesyon ki nimewote.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men dènye kesyon yo se repons elèv yo fè. Ranpli sa yo menm jan ou te fè l ak dènye seksyon an.

Siveyan ou an pral di:

Si ou fini anvan mwen di lè an rive ou gendwa verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa ka al nan okenn lòt seksyon nan tès lan.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan 4. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

3.5 **Pandan Seksyon an**

Aprè 25 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 30 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè 50 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Seksyon 4 an.

Aprè egzakteman 55 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

3.5 Seksyon 4 Enstriksyon pou Liv Tès lan



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon ou jwenn nan kòmansman Seksyon 4 liv tès ou an.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 4 fèy repons ou an pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-30 yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons lan nan chwa yo bay yo, epi ranpli boul ki koresponn lan nan fèy repons ou an. Pou kesyon 31-38 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan nan fèy repons lan. Tanpri refere ou ak enstriksyon yo anvan kesyon 31 sou fason pou antre repons ou yo nan griy lan. Ou gendwa itilize nenpòt espas disponib nan livrè tès ou an pou travay bwouyon.

NÒT


1. Itilizasyon yon kalkilatris otorize.
2. Tout varyab ak ekspresyon ki itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
3. Chema ki bay nan tès sa a desinen sou echèl amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
4. Tout chema yo twouve yo nan yon plan amwenske yo fè konnen yon lòt bagay.
5. Amwenske yo enfòme l yon lòt fason, domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x $f(x)$ se yon nonb reyèl pou yo.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 31-38 yo, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou an nan griy lan, jan sa dekri anba, nan fèy repons lan.

1. Malgre li pa obligatwa, yo sijere pou ou ekri repons ou an nan bwat yo nan tèt kolòn yo pou ede ou ranpli boul yo ak presizyon. Ou ap resevwa kredi si boul yo ranpli kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon boul nan kèlkeswa kolòn lan.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm gendwa gen plis pase yon grenn repons kòrèk. Nan ka sa yo, mete sèlman yon sèl repons nan tablo an.
5. **Nonb ki melanje** tankou $3\frac{1}{2}$ dwe nan yon tablo sou fòm 3.5 oswa $7/2$. (Si

3	1	/	2
○	○	○	○
○	○	○	○

 antre nan tablo an, yo pral entèprete l kòm $31/2$, non pa $3\frac{1}{2}$.)
6. **Nonb desimal**: Si ou jwenn yon repons desimal ak plis chif pase sa tablo an ka pran, ou ka swa awondi l oswa twonke l, men li dwe ranpli tout tablo an.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons lan nan bwat yo			
7	/	1	2
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Tablo an nan rezilta.

Repons: 2.5

Pwen desimal			
	2	.	5
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Liy fraksyon an

← Pwen desimal

Fason ki akseptab pou mete $\frac{2}{3}$ nan yon tablo se:

	2	/	3
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	6
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

.	6	6	7
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

Repons: 201 – nenpòt nan repons yo kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

	2	0	1
○	○	○	○
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4

NÒT:
Ou gendwa kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, espas ki otorize yo. Kolòn ou pa bezwen itilize yo ta dwe rete blanch.

3.5 Apre Seksyon 4

Siveyan ou an pral di:

Fèmen fèy repons ou an pou paj 1 an parèt anlè. Fèmen liv tèss ou an.

Kounya siveyan ou an pral di:

Anvan mwen ranmase dokiman tès nou yo, tanpri vire fèy repons nou an (oswa vire l nan paj 16 si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè) epi verifye nou ranpli Form Code (Kòd Fòmilè) lan nan chan A a. Form Code (Kòd Fòmilè) sa a obligatwa pou yo note tès nou an.

Verifye ou te ranpli chan B pou rive nan D yo tou. Tanpri leve men ou si ou bezwen èd pou ranpli nenpòt chan.

Aprè ranmasaj ak dekont liv tès yo, siveyan ou an pral di:

Si ou ap pran Disètasyon an, tanpri mete kalkilatriis ou an anba biwo ou an epi mete fèy repons ou an fas anba sou biwo ou an. Ou gendwa pran yon poz brèf pou detire pandan mwen ap bay enstriksyon epi ranmase dokiman nan men elèv ki fin pase tès yo. Tanpri pa pale oswa kite sal lan san pèmisyon.

Ak tout elèv k ap pran SAT an san Disètasyon, siveyan ou an pral di:

Sila pami nou ki pa p pran Disètasyon an, felisitasyon, nou apenn fini tès lan. Mete fèy repons ou an fas anlè sou biwo ou an.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Kounya koute enfòmasyon enpòtan sa a. Si ou vle anile nòt ou yo anvan ou ale, mande m yon fòmilè Request to Cancel Test Scores, ou dwe ranpli l anvan ou kite sal lan. Pou anile nòt ou yo pi devan, ou dwe avize College Board sa a alekri.

Ou pa ka anile nòt ou yo ak yon imèl oswa yon apèl telefòn. Voye demann anilasyon ou an pa lapòs oswa faks jodi pou demen, pa pita pase 11:59 p.m. Lè Lès nan katriyèm jou semèn lan apati jodi an. Ou ka jwenn fòmilè an tou sou entènèt nan sat.org.

Si ou anile nòt ou yo, yo ap toujou voye yo bay Eta a, men yo pa p voye yo bay fakilte oswa pwogram bous detid ou te chwazi yo oswa yo pa p disponib sou sistèm rapò College Board lan.

Après siveyan ou an pral di:

Si ou panse ou ta renmen fè chanjman nan chan 15 lan sou fèy repons ou an, kote ou chwazi fakilte ak pwogram bous ou vle resevwa nòt ou yo, tanpri leve men ou.

3.5 Ranpli Chan Rapò sou Nòt lan

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Pou fè chanjman nan fakilte ak pwogram bous detid k ap resevwa nòt ou yo, ouvri liv repons ou an nan paj 2 an. Rapò sou nòt ou fè kounya yo ap gratis. Si ou pa gen okenn chanjman, tanpri chita san fè bri epi kite fèy repons ou an fèmen.

Pou chan 15 lan, siveyan ou an pral di:

Ou ap jwenn chan 15 lan nan paj 2 fèy repons ou an. Lè ou ap pran SAT nan kad SAT School Day, ou gen dwa pou voye nòt ou yo bay jiska 4 fakilte oswa pwogram bous. Si ou ranpli seksyon opsyonèl sa a, nòt ou yo ap voye gratis. Ou ka voye nòt yo pi devan tou pou yon ti frè. Fakilte ak inivèsite yo toujou enpasyan pou jwenn nòt nan men elèv yo, menm si ou pa pare pou aplike.

Jwenn Score Reporting Code List (Lis Kòd Rapò sou Nòt) lan nan *Student Answer Sheet Instructions (Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv)* lan ou an. Itilize lis sa a pou jwenn nimewo 4 chif pou lekòl ak pwogram bous ou vle voye nòt ou yo bay lan. Fakilte ak inivèsite ameriken yo ranje nan yon lis nan lòd alfabetik dabò suivan Eta a. Enstitisyon sou teritwa Etazini yo vini apre, enstitisyon entènasyonal yo suiv yo ansuit. Lis final ki nan livrè sa a montre pwogram bous yo ki ranje nan lis dapre Eta a oswa peyi an, nan lòd alfabetik.

Pou chak kote ou voye nòt yo, kopye 4 chif yo nan kaz yo epi ranpli boul ki koresponn (si ou ap itilize yon fèy ki gen gwo karaktè, enprime chif yo pi klè sa posib). Fè m konnen si ou gen nenpòt kesyon.

Verifye lè ou fini.

Kounya siveyan ou an pral di:

Fèmen Student Answer Sheet Instructions (Enstriksyon sou Fèy Repons pou Elèv) lan ak fèy repons ou an. Si ou ap tann pou ou pran Disètasyon an, asire ou fèy repons ou an fas anba sou biwo ou an. Si ou fini pase tès lan, mete fèy repons ou an fas anlè pou mwen ka verifye l lè mwen ap ranmase l nan men ou.

3.5 **Ranmasaj Fèy Repons yo**

Ak elèv ki pare pou yo ale yo, siveyan ou an pral di:

Sonje, ou pa ta dwe, suivan okenn sikonstans, pran okenn kesyon tès nan sal tès lan, bay pèsòn yo l oswa diskite sou yo ak pèsòn atravè okenn mwayen, sa gen ladan l imèl, mesaj tèks oswa entènèt. Jan mwen te di nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik sa yo ki lye ak sekirite tès lan, nòt yo an pral anile epi yo gendwa anpeche yo pran lòt tès College Board alavni.

(A) Si elèv yo bezwen ranmase afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tès sa a fini kounya. Pandan ou ap prepare pou ou ale, tanpri vini epi rebran afè pèsònèl ou yo mwen te ranmase nan men ou anvan sa. Yon fwa ou gen tout afè ou yo, ou gendwa soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tès. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.

(B) Si elèv yo gen tout afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tès la fini kounya. Rasanble afè ou yo epi soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tès. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.

3.6 **Disètasyon An**



Lè estanda pou Seksyon Disètasyon an se **50 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon pou liv tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen pral bay chak nan nou yon liv Disètasyon. Pa ouvè liv Disètasyon ou an jouk mwen di ou pou ou fè sa a.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Lè ou resevwa liv Disètasyon ou an, vire l epi ekri siyati ou, prenon ou ak inisyal dezyèm prenon ou, si ou gen youn, an karaktè enprimri. Apresa enprime kòd ak non _____ lekòl sa a _____, ak kòd sal (oswa non) sal tèl sa a _____, mwen afiche pou nou an.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Kounya, ouvri fèy repons ou an nan paj 6. Si ou ap itilize yon fèy repons ki gen gwo karaktè, al nan paj 30 lan. Nan do liv Disètasyon ou an, jwenn Essay Code (Kòd Disètasyon) an. Kopye Essay Code (Kòd Disètasyon) an nan chan sou fèy repons ou an egzakteman jan l parèt nan do liv Disètasyon ou an epi ranpli boul ki koresponn lan. Chan sa a dwe ranpli kòrèkteman oswa disètasyon ou an ka pa korije.

Lè tout elèv yo gen yon liv Disètasyon, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen pral ba ou kèk enstriksyon pou ede ou asire disètasyon ou an note ak prezizyon.

- Itilize paj plan ki pa gen liy lan pou pran nòt epi planifye disètasyon ou an. Pa gen anyen ou ekri sou paj ki pa gen liy lan ki pral note.
- Lè ou pare, kòmanse ekri disètasyon ou an nan premye paj ki gen liy lan, ki di "Begin Your Essay Here ("Kòmanse Disètasyon Ou an La")." Ekri disètasyon ou an sou paj sa yo ki gen liy lan epi nan espas maj yo ki make an.
- Itilize yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon oswa si ou kite paj yo vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou Disètasyon an.
- Disètasyon ou an dwe rete nan limit paj yo bay yo. Pa ekri anyen apre mo "STOP" lan nan dènye paj ki gen liy lan, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pa p note.

Pou kòmanse Disètasyon an, siveyan ou an pral di:

Nou pral ale kounya nan Disètasyon an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 50 minit pou travay sou seksyon Disètasyon an. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak lè pou fini yo, e m ap fè nou konnen kilè nou rive nan mwatye seksyon an ak kilè ret 5 minit. Kenbe fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an kouche sou biwo ou an.

Tanpri pa siyen disètasyon ou an oswa ajoute non ou ladan l (menm jan ak "By Jane Doe" ("Se Jane Doe ki fè l")). Fè yon bagay konsa ka retade nòt disètasyon ou an.

Kounya li enstriksyon yo, apresa ale nan kesyon Disètasyon an epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.

3.6 Pandan Disètasyon an

Après 25 minit siveyan ou an ap di:

Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Après 45 minit, siveyan ou an ap di:

Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Apres egzakteman 50 minit, siveyan ou an ap di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Fèmen fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè akote liv Disètasyon ou an.

3.6 Enstriksyon pou Liv Disètasyon an



Sa ki suiv lan la se yon tradiksyon enstriksyon yo jwenn nan kòmansman liv Disètasyon ou an.

ENSTRIKSYON

Disètasyon an ba ou yon opòtinite pou montre kijan ou ka li epi konprann yon pasaj ak efikasite epi ekri yon disètasyon ki analize pasaj lan. Nan disètasyon ou an, ou ta dwe demontre ou te li pasaj lan ak swen, prezante yon analiz klè epi lojik, epi itilize langaj ou ak presizyon.

Disètasyon ou an dwe ekri sou liy yo bay nan fèy repons ou an; eksepte pou Paj Plan fèy repons lan, ou pa p resevwa okenn lòt papyè pou ou ekri. Ou pral gen ase espas si ou ekri sou chak liy, evite gwo maj, epi kenbe ekriti ou nan yon dimansyon ki rezonab. Sonje moun ki pa abitye ak ekriti ou pral li sa ou ekri an. Eseye ekri oswa fè lòt yo pou sa ou ap ekri an lizib pou lektè sa yo.

RAPÈL

- Pa ekri disètasyon ou an nan livrè sa a. Sèl sa ou ekri sou paj ki gen liy fèy repons ou an pral evalye.
- Yon disètasyon ki pa ret nan sijè an pa p evalye

Ou gen 50 minit (lè estanda) pou li pasaj lan epi ekri yon disètasyon pou reponn ak ensitasyon ki bay anndan livrè sa a.

LIV TÈS SA A PA DWE SOTI NAN SAL LAN. REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KI PA OTORIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS SA A ENTÈDI.

3.6 Apre Disètasyon an

Siveyan ou an pral di:

Felisitasyon, ou fini tès lan. Tanpri chita san fè bri pandan mwen ap ranmase liv Disètasyon nou yo.

3.6 Anvan Pou Relache Elèv yo

Apres li fin konte tout dokiman yo, siveyan ou an pral di:

Sonje, ou pa ta dwe, suivan okenn sikonstans, pran okenn kesyon tès nan sal tès lan, bay pèsòn yo l oswa diskite sou yo ak pèsòn atravè okenn mwayen, sa gen ladan l imèl, mesaj tèks oswa entènèt.

Siveyan ou an pral raple elèv yo sou konsekans yo lè li di:

Jan mwen te di l nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik sa yo ki gen rapò ak sekirite tès lan, nòt yo an ap anile e yo gendwa anpeche yo pase lòt tès College Board alavni.

(A) Si elèv yo bezwen ranmase afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tè s a fini kounya. Pandan ou ap prepare pou ou ale, tanpri vini epi rebran afè pèsònèl ou yo mwen te ranmase nan men ou anvan sa. Yon fwa ou gen tout afè ou yo, ou gendwa soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tè. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.

(B) Si elèv yo gen tout afè yo, siveyan ou an pral di:

Administrasyon tè la fini kounya. Rasanble afè ou yo epi soti nan sal lan san fè bri. Tanpri mete nan lespri ou elèv yo nan lòt sal yo gendwa toujou ap pase tè. Felisitasyon ankò epi mèsì pou patisipasyon ou e pou tout travay di ou an.